

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif, kalayan ngagunakeun métodeu déskriptif. Métodeu déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun salasahiji gejala, kajadian nu kaalaman dina waktu panalungtikan lumangsung kalayan ngébréhkeun hal-hal nu jadi puseur analisis sangkan nyangking pedaran nu teleb ngeunaan struktur sintaksis dina majalah *Manglé* satuluyana dianalisis. Ari anu didéskripsikeunana nya éta perkara adegan, wanda, jeung harti kalimah anu aya dina majalah *Manglé*.

Desain panalungtikan nya éta gemblengan rencana pikeun ngumpulkeun data dina raraga ngajawab patalékan panalungtikan, sarta téknik analisis atawa métodeu husus anu rék digunakeun ku panalungtik.

Ieu panalungtikan dipuserkeun kana kalimah singget anu aya dina majalah *Manglé*. Anu ditalungtik dina kalimah singget nya éta wanda kalimah singget, adegan kalimah singget, jeung harti kalimah singget.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif anu maké métodeu déskriptif. Panalungtikan dilaksanakeun kalawan ngagundakkeun desain saperti ieu di handap.



Bagan 3.2: Paradigma Panalungtikan

Wiwin Setiawati, 2015

WANGUNAN KALIMAH SINGGET BASA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kalimah singget dina majalah *Manglé*. Ku kituna, sumber data tina ieu panalungtikan mangrupa data tinulis. Data tinulis miboga fungsi salaku panglengkep tina data primer anu geus diolah ku lembaga-lembaga anu tangtu. pangna leuwih milih ragam basa tinulis, lantaran data tinulis miboga ciri anu leuwih konsisten, data dina wangun tinulis leuwih baku tibatan basa lisan. Dokumén laporan, saperti koran, majalah, atawa tabloid Sunda dianggap rélévan jeung tujuan panalungtikan.

Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kalimah singget dina sumber tinulis basa Sunda. Ieu data kalimah singget téh nyoko kana adegan, wanda, jeung harti kalimah.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta majalah *Manglé* opat édisi salila sabulan. Jumlahna aya opat majalah anu medal ti mimiti minggu kahiji nepi ka minggu kaopat bulan Novémber. No. 2499, 2500, 2501, jeung 2502, taun 2014.

Data kalimah singget diayak tina sakumna rubrik majalah *Manglé*. Ari rubrik majalah *Manglé*, nya éta (1) Lawang Sakéténg, (2) Kaca Tilu, (3) Koropak, (4) Tamu, (5) Laporan, (6) Kolom, (7) Nyusur Galuh, (8) Munara Cahaya, (9) Tanya Jawab, (10), Aweuhan Pasundan, (11) Gedong Saté, (12) Katumbiri, (13) Balé Bandung, (14) Tarucing Cakra, jeung (15) Lempa Lempi Lempong.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiono (2008:224) nétélakeun téhnik data téh nya éta mangrupa léngkah anu pangstratégisna dina panalungtikan, lantaran tujuan dina ieu panalungtikan nya éta ngahasilkeun data. Lamun teu apal kumaha carana ngumpulkeun data, panalungtikan moal meunang data anu sampurna.

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik studi dokuméntasi, ulikan pustaka atawa studi bibliografis. Téhnik studi dokuméntasi disebut ogé téhnik téks. Ieu téhnik digunakeun dina ngumpulkeun data anu dipikabutuh dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun meunangkeun data atawa informasi anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik. Ieu téhnik dirojong ku

téhnik obérvasi pikeun ngumpulkeun data langsung tina objék anu ditalungtik. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data, di antarana waé:

- 1) Nangtukeun sumber data;
- 2) Maca majalah *Manglé*;
- 3) Nyirian jeung nyatet anu asup kana kalimah singget dina majalah *Manglé* kana kartu data; jeung
- 4) Nyalin kalimah singget tina majalah *Manglé* kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistim kartu data. Dina kartu data dipidangkeun informasi nu patali jeung runtuyan abjad (alfabétis), data kalimah ringkesan, sumber data nu eusina singggetan sumber data, kaca, paragraf, jeung kalimah.

Conto instrumén nu mangrupa kartu data ébréh ieu di handap.

<p>A Assalamu'alaikum Wr. Wb. (M2500/4/1/1) Wanda : Kalimah Salam Adegan : katerangan Harti : sanduk-sanduk</p>

Bagan 3.1: Format Kartu Data

3.5 Téhnik Ngolah Data

Bogdan dina Sugiono (2008:244) nétélakeun yén analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu kapanggih dina hasil wawancara, cutatan, jeung bahan-bahan anu lain, supaya paham sarta pamanggihna bisa diinformasikeun ka nu séjén.

Susan Stainback dina Sugiono (2008:244) nétélakeun yén analisis data nya éta mangrupa hal anu kritis dina prosés panalungtikan kualitatif. Analisis

Wiwin Setiawati, 2015

WANGUNAN KALIMAH SINGGET BASA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

digunakeun pikeun maham patalina jeung konsép dina data supaya hipotésis bisa dimekarkeun.

Spradley dina Sugiono (2008:224) nétélakeun yén analisis data nya éta mangrupa cara fikir. Hal éta patali jeung ujian sacara sistematis pikeun nandeskeun bagian, hubungan antara bagian, jeung hubunganana.

Tina sawatara wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu kapanggih dina hasil wawancara, cutatan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara dipasing-pasing data kana kategori, ngajabarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintésis, nyusun kana pola, milih mana anu penting jeung anu bakal dipaké diajar, nyieun kacindekan sangkan diri sorangan jeung anu lian paham kana éta kacindekan.

Dina ieu panalungtikan digunakeun téknik analisis unsur langsung, nya éta téhnik nu digunakeun pikeun meunangkeun gambaran nu jéntré ngeunaan objék nu ditalungtik. Ngaliwatan ieu téhnik, panalungtik bisa ngaanalisis data nepi ka réngsé. Ieu téhnik téh miboga ogé fungsi salaku éksplorasi nu bisa méré gambaran kalayan jéntré ngeunaan masalah jeung méré pituduh ngeunaan cara ngungkulanana.

Data kalimah singget dina majalah *Manglé* jadi garapan utama panalungtikan. Data anu geus dikumpulkeun jeung diréduksi téh tuluy dianalisis dumasar léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Méré nomer kode data sacara alfabétis;
- 3) Nyieun papasingan kalimah singget dumasar kana adegan, wanda, jeung hartina;
- 4) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data kalimah singget; jeung
- 5) Napsirkeun jeung nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.